



KONSÈY PWOVIZWA POU VANT VEYIKIL, AFÈMAJ, AK LOKASYON PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Nan dat 15 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Konsiy Pwovizwa pou Vant, Afèmaj ak Lokasyon Veyikil pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Interim COVID-19 Guidance for Vehicle Sales, Leases, and Rentals") pou ka bay pwopriyetè / administratè biznis vant, afèmaj ak lokasyon veyikil yo ak anplwaye ak kontraktè yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 pandan biznis vant ak lokasyon veyikil yo ap reouvri oswa kontinye fonksyone.

Konsiy sa yo se jis egzijans minimòm e nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Konsiy sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman Faz II reouvèti Eta a, epi dokiman konsiy sa yo baze sou li a ka chanje epi li chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak aktivite vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt biznis vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon ak/oswa Plan Sekirite Sit.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon komotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 ma 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa enstwiksyon Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize

dirijan / pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York pa faz ki baze sou yon analiz rejonan an fonksyon done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejonan la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejon New York, baze sou mezi ak endikatè rejonan ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz reyouvèti a pral kòmanse nan divès rejon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablo avètisman antisipe ki ap rasanble efò kòlèk enfòmasyon entansif eta a pou moun New York yo, otorite gouvènman yo, ak ekspè yo pou siveye epi revize jan yo ap jere viris la pou asire yon reyouvèti an sekirite.

Anplis nòm sa yo, ni biznis vant ak lokasyon veyikil ki esansyèl ak biznis ki pa esansyèl yo dwe kontinye konfòme ak konsiy ak enstriksyon sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

Nòm pou Vant Veyikil, Lwayaj, ak Lokasyon Responsab nan Eta New York

Pa gen aktivite vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon ki ka fèt san respekte minimòm nòm sa yo de Eta a, ansanm ak egzijans federal aplikab, ansanm ak, men ki pa limite ak sa, minimòm nòm de Lwa sou Ameriken Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite vant veyikil, lwayaj, ak lokasyon ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifye pa Eta a. Administratè sit vant, afèmaj ak lokasyon veyikil la, oswa yon lòt pati jan administratè a deziyen lan (kèlkeswa ka a, "Pati Responsab yo"), ap responsab respè nòm sa yo.

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke pou tout aktivite vant, afèmaj ak lokasyon veyikil, mendèv ak prezans kliyan yo pa depase 50% kantite moun maksimòm nan pou yon zòn an patikilye jan sètifika okipasyon an fikse li, sa gen ladan kliyan yo, ki dwe kenbe yon separasyon sis pye de lòt moun, nan tout ka yo, yo dwe kite yo antre nan etablisman an sèlman si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab; depi, sepandan, kliyan an gen plis pase laj dezan epi li kapab sou plan medikal tolere kachnen sa a. Anplwaye yo dwe mete tou kouvèti vizaj nenpòt ki lè yo kominike avèk kliyan yo (pa egzanp, ap pase yon acha), menm si yo a distans sis pye oswa plis lwen; ak
- Pati Responsab yo dwe asire ke yon distans pou pi piti sis pye kenbe pami moun yo (pa egzanp travayè ak kliyan yo) tout tan, sof si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout.

Anplwaye yo dwe mete kouvèti vizaj ki akseptab, nenpòt lè yo an kontak avèk kliyan yo (paregzanp pase yon acha) epi depi anplwaye yo dwe vin a yon distans ki mwens pase 6 pye de yon lòt moun. Anplwaye yo dwe prepare pou rale yon kouvèti vizaj si yon lòt mon vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann.

- Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
- Sepandan, kachnen an twal, dispozab, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon. [konsiy OSHA yo](#).
- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou travayè yo gen yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa sèvi avèk menm pòs oswa espas travay yo san yo pa netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon. Lè distans lan pa posib ant estasyon oswa espas travay yo, Responsab Pati yo dwe bay epi egzije itilizasyon kouvèti vizaj oswa kreye baryè fizik, tankou mi pwoteksyon an plastik, nan plas kouvèti vizaj nan espas kote sa p'ap anpeche lè sikile, chalè, frechè, oswa van.
 - Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo an akò ak [enstriksyon OSHA yo](#).
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an band, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo fè tès vizyon, esè woutye, epi / oswa lwe sou randevou sèlman.
- Dispozisyon sal ekspozisyon ak vant an detay yo dwe modifiye pou anplwaye ak kliyan yo pou pi piti si pye distans nan tout direksyon lè anplwaye yo ap travay epi kliyan yo ap vizite, amwenke gen baryè fizik ki anplas (pa egzanp pleksiglas oswa kwazon nan kès yo).
 - Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye yo pote mask oswa kouvèti vizaj an twal lè y'ap sèvi kliyan yo. Pati Responsab yo pa dwe pèmèt kliyan yo antre nan magazen an san yon kouvèti vizaj, si yo ka tolere youn sou plan medikal e yo gen plis pase de zan.
 - Pati Responsab yo gen entèdiksyon pou yo mande oswa egzije dokiman medikal oswa lòt dokimantasyon nan men yon kliyan ki refize kouvri figi l poutèt yon pwoblèm medikal oswa lòt pwoblèm sante ki anpeche l mete bagay konsa.
 - Pati Responsab yo dwe rezève espas ki apwopriye pou anplwaye ak kliyan yo travay epi achte, lè yo konsidere distans sosyal ki apwopriye a; Pati Responsab yo dwe anvizaje kreye ale sans inik, rearanje sikilasyon moun yo otreman, oswa itilize lòt kès
- Pati Responsab yo dwe entèdi itilizasyon ti espas (paregzanp, asansè, depo ranjman), pa plis pase yon moun alafwa, sòf si tout anplwaye ki nan espas sa yo an menm tan kouvri figi yo kòm sadwa. Sepandan, pa dwe janm gen plis pase 50% kantite moun maksimòm lan nan espas oswa veyikil la, sòf si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (egz: ouvri fenèt ak pòt nan sal kontwòl yo), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Pati Responsab yo ta dwe pran mezi siplemantè pou evite reyinyon nan sal atant yo.
 - Pou tès konduit veyikil ki egzije plis pase yon moun, tout moun yo dwe mete yon mask.

- Pati Responsab yo dwe met anplas mezi pou diminye trafik pye nan de direksyon nan espas komen (tankou sal ekspozisyon, paking, garaj) lè yo itilize tep oswa siy ki gen flèch nan ale ki etwa yo, ant veyikil yo, oswa espas yo.
 - Kote sa posib, mete makè pou sikilasyon a sans inik.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè lokal la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple anplwaye pou l:
 - Kouvri nen yo a bouch yo avèk yon kachnen.
 - Konsève kòm sadwa epi, lè sa nesesè, jete PPE yo.
 - Respekte prensip distans sosyal fizik la.
 - Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
 - Swiv konsiy ijyèn men ak pwòpte ak dezenfeksyon yo.
 - Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.
- Pati Responsab yo dwe bay antre ak sòti separe ki make klè.
 - Pati Responsab yo dwe prepare pou fè kliyan yo fè liy deyò pandan yo toujou ap kenbe distans fizik epi tou ak itilizasyon endis vizyèl yo.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo diminye touche veyikil yo sof pou yon tè kontuit oswa pou lwen machin nan.

B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsòn yo (egz: reyinyon) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd ki ka aplikab yo, tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstwizyon CDC pase nan "[Enstwizyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan ti espas, tankou sal atant pou kliyan, twalèt ak sal repo e yo ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (pa egzanp: siyale lè w okipe) pou limite okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
- Pati Responsab yo dwe repati orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (pa egzanp: poz kafe, repa, ak chanjman orè / arè).

C. Aktivite Espas Travay

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesesè;
 - ajiste orè lye travay la;

- redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
- konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa).
- Nou ankouraje Pati Responsab yo pèmèt kliyan yo fè tès konduit san akonpayman.
 - Si yon anplwaye akonpaye kliyan an nan yon tès konduit, anplwaye a dwe chita sou syèj ki gen distans ki pi lwen posib de kliyan an (yo) epi mete yon kouvèti vizaj ki apwopriye.
 - Ankouraje kliyan yo limite lòt moun nan tès konduit la, si posib (pa egzanp, timoun).
- Pati Responsab yo dwe fasilite pou depoze epi rekipere bò lari a, lè sa posib (pa egzanp kliyan ka retounen machin lokasyon san entèraksyon ak moun).
- Pati Responsab yo dwe asire ke zòn atant yo pèmèt kliyan yo respekte règleman distans sosyal yo (pa egzanp espas pou chita ki separe de sis pye).
- Nou ankouraje Pati Responsab yo limite kantite veyikil pou gade oswa lwe ki fèmèn nan espas yo (pa egzanp sal ekspozisyon, garaj) epi mete veyikil yo nan espas ki ouvè (pa egzanp paking).
- Nou ankouraje Pati Responsab yo chanje papras yo an transmisyon elektwonik epi kominike ak kliyan yo pa telefòn, imel, oswa videyokonferans lè sa kapab.
- Kote ki posib, Pati Responsab yo ta dwe evite lwe oswa bay veyikil pou tès konduit ki ka difisil pou netwaye epi dezenfekte (pa egzanp syèj an tisi).
 - Kote sa pa pratik, anvizaje kouvèti pwoteksyon ki ka jete ki toujou pèmèt operasyon veyikil ki sekirize.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Pati Responsab yo dwe limite entèraksyon (pa egzanp deziyen yon sòti pou travayè k ap kite travay la ak yon sòti separe pou travayè k ap kòmanse orè yo) ak mouvman (pa egzanp anplway yo dwe rete toupre estasyon travay yo pi souvan ke posib).
- Pati Responsab yo dwe ankouraje entèraksyon a distans plis posib (pa egzanp navigasyon, pèsonalizasyon, kòmand, papras sou entènèt).
- Pati Responsab yo dwe fèmèn komodite yo tankou:
 - Ba pou sèvi tèt ou;
 - Distribitè otomatik;
 - Kafè ak sal pou manje.

II. ESPAS

A. Ekipman Pwotektif

- Pati Responsab yo dwe asire anplwaye yo mete kouvèti pou vizaj lè yo a mwens pase si pye ak kliyan oswa kòlèg travay yo. Anplwaye yo dwe mete tou kouvèti vizaj nenpòt ki lè yo kominike avèk kliyan yo (pa egzanp, ap pase yon acha).
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo pèmèt kliyan yo antre nan magazen vant an detay la sèlman si yo mete yon kouvèti vizaj ki akseptab; depi kliyan an depase laj de zan e li ka tolere kouvèti sa sou plan medikal.
- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj rezonab ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa pou si yon vizitè ta nan bezwen. Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan, rad yo, foula), mask chirijik yo ak mask pwoteksyon vizaj yo.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou vant oswa reparasyon veyikil yo espesyalman, yon mask an twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize kouvèti vizaj akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp kouvèti vizaj yo a. Anplis de sa, rekòmandasyon sa yo p ap anpeche anplwaye yo mete pwòp bagay anplis pa yo pou pwoteje tèt yo (paregzanp mask chirijikal oswa ekran pou figi), oswa si Pati Responsab yo egzije apa sa pou anplwaye yo mete plis PPE poutèt nati travay yo. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe mete an plas mezi pou limite pataj objè, tankou zouti, telefòn, objè ak veyikil, ansanm ak touche sifas moun pataje; tankou aparèy elektwonik ak kle; oswa, egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite a tout, kouvèti vizaj apworiye.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire respè egzijans ijyèn ak asenisman yo jan CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Konsiy pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papye twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfekte: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.

- Yo dwe mete dezenfektan pou men nan tout kote a pou anplwaye ak kliyan yo. Yo ta dwe mete yo nan kote ki adekwa, tankou nan antre, ak touppe veyikil sal ekspozisyon yo. Yo ta dwe enstale distribitè otomatik san touche ki gen dezenfektan pou men nan kote yo touche souvan yo, kote ki posib.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon touppe estasyon sanitayzè men yo ki endike ke men ki vizibleman sal yo ta dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan sit la pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon sit la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak chanjman orè travay, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri konsilte "[Konsiy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.
- Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke veyikil ak zouti yo netwaye epi dezenfekte regilyèman lè yo itilize dezenfektan ki otorize, ki se omwen osi souvan ke travayè yo chanje estasyon travay oswa touche veyikil yo. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
 - Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa veyikil, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jeteak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye k'ap itilize zouti oswa veyikil sa yo.
 - Pati Responsab yo dwe bay dezenfektan pou netwayaj ak dekontaminasyon espas ki ekspoze si yon anplwaye oswa kliyan konfime pozitif ak COVID-19 la, kote netwayaj ak dekontaminasyon sa dwe enkli, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (pa egzanzp, espas pataje, veyikil, kle, telefòn, ranp ak manch pòt yo).
- Pati Responsab yo dwe netwaye epi dezenfekte chak veyikil (andedan ak deyò) ak kle yo anvan kliyan an pase pran oswa fè tès konduit la ak apre kliyan an depoze veyikil la
- Enstriksyon CDC sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 se jan sa ye anba a:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.

- Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
- Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
 - Travayè ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche".
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa stil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas po anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.

C. Faz Reouvèti

- Nou ankouraje Pati Responsab yo a aktivite reouvèti pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, lè, ak nonb kliyan ki disponib pou sèvi lè premye reouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman an.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi y'ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imel, ak media sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo pou respekte konsèy CDC ak DOH la nsn sa ki gen rapò ak itilizasyon PPE, espesyalman kouvèti vizaj lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe, atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon.
- Pati Responsab yo ta dwe afiche siyalizasyon anndan tankou deyò tout batiman an pou raple anplwaye ak kliyan pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon.

III. PWOSESIS YO

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe kreye pratik depistaj sante obligatwa chak jou.

- Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan sit la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
- Depistaj ta dwe kowòdone pou anpeche travayè yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
- O minimòm, depistaj tout travayè ak vizitè dwe egzije e sa ta dwe konplete ak yon kesyonè ki detèmine si travayè oswa vizitè a te:
 - (a) konnen li te an kontak sere oswa rapwoche nan 14 dènye jou yo avèk yon moun ki te gen tès COVID-19 pozitif oswa ki te gen sentòm COVID-19;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
 - (c) eksperimante sentòm COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Ale nan ensiy CDC a sou "[Sentòm Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentòm ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo yo ta dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis kesyonè depistaj la, Komisyon Opòtinite Travay Egal Etazini (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa DOH la ka fè verifikasyon tanperati chak jou tou. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistremant done sante anplwaye a (egz: done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmman de ekspozisyon a yon anplwaye ki enfekte oswa vizitè k'ap antre nan sit la. Responsab k'ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwaye a idantifye ki familye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.
- Moun k'ap fè depistaj yo ta dwe gen e itilize PPE, ansanm ak o minimòm, yon mask vizaj, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon vizaj.
- Yon anplwaye ki depiste pozitif pou sentòm COVID-19 yo ta dwe pa gen aksè pou antre nan espas travay la e yo ta dwe voye l lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe mete depatman sante eta ak lokal la okouran ka a touswit si gen rezilta tès COVID-19 ki pozitif. Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
- Pati Responsab yo dwe ale nan "[Ensiy pwovizwa pou anplwaye piblik ak prive k ap retounen travay apre enfeksyon oswa ekspozisyon a COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye k ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te nan kontak pre oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè anplwaye yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke anplwaye yo ak vizitè yo dwe enfòme si pita yo santi sentòm ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
- Pati Responsab yo dwe deziye yon espas sekirite minè kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè plan sekirite espas la.

- Tout tan sa posib, Pati Responsab yo ta dwe kenbe yon jounal pou chak moun, ansanm ak travayè ak vizitè yo, ki ka gen kontak sere ak pwòch ak lòt moun nan espas travay la; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrace epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la. Pati Responsab yo dwe kolabore avèk efò pou retrace kontak depatman sante eta ak lokal la ap fè yo.
- Pati Resposab yo pa ka mande kliyan yo fè depistaj sante oswa enfòmasyon kontak men yo ka ankouraje kilyan yo fè sa. Pati Responsab yo ka bay yon kliyan yo yon mwayen pou bay enfòmasyon kontak pou mete yo nan jounal epi kontakte yo pou rechèch kontak, si sa nesèsè.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe alète depatman sante eta ak lokal touswit apre yo fin enfòmè de nenpòt rezilta tèst pozitif COVID-19 pa yon travayè nan travay yo a.
- Nan ka yon anplwaye oswa vizitè teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante eta ak lokal la pou retrace tout kontak nan espas travay la epi alète depatman sante eta ak lokal la de tout anplwaye ak vizitè ki te antre nan espas sit la depi 48 èdtan avan anplwaye a te kòmanse santi sentom COVID-19 oswa teste pozitif la, nenpòt dat ki pi resan, men kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a egzije a.
- Depatman sante eta ak lokal yo ap kreye restriksyon siveyans ak mouvman de moun ki enfekte oswa expoze yo ansanm ak izolman lakay oswa karantèn.
- Moun ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.

IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite nan espas la. Eta mete disponib yon modèl plan sekirite pou reouvèti biznis pou gide pwopriyetè biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwojete kont pwopagasyon COVID-19 la.

Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit wèb sou COVID-19 Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay la
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>